

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Lokasi jeung Sumber Data

3.1.1 Lokasi

Lokasi panalungtikan perenahna di Kecamatan Babakan Kabupatén Cirebon hususna di pabrik gula Tersana Baru, nalika diayakeun pésta rahayat upacara adat ritus tiwu pangantén anu diayakeun dina wanci sataun sakali mangsa panén tiwu.

3.1.2 Sumber Data

- 1) Naskah téks upacara adat ritus tiwu pangantén,
- 2) Masarakat Kecamatan Babakan nu aya patalina jeung pabrik gula Tersana Baru,
- 3) Masarakat umum di Kecamatan Babakan,
- 4) Lembaga pamaréntahan anu patali jeung kagiatan upacara adat ritus tiwu pangantén di Kecamatan Babakan Kabupatén Cirebon.

3.2 Desain Panalungtikan


Numutkeun Komarudin (2007:55), desain panalungtikan nyaéta rencana anu nunjukkeun gambaran utama ngeunaan hiji hal anu baris dilakukeun. Desain panalungtikan nu dilakukeun dina ieu panalungtikan réana aya opat, diantarana tatahar, ngumpulkeun data, ngolah data, jeung nyusun laporan.

Baganna bisa diilikan di handap ieu,

Nida Kania Dewi , 2013

Ragam jeung adegan basa dina upacara adat ritus tiwu panganten di kecamatan babakan kab.cimahi

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu



3.3 Métodé Panalungtikan

Istilah “métodologi linguistik” mangrupa frasa nu diwangun ku kecap métodologi jeung linguistik. Métodologi asalna tina basa Yunani *methodos* ‘cara, jalan’ + *logos* ‘élmu’. Métodologi hartina élmu ngeunaan cara atau jalan. Métodologi linguistik bisa dihartikeun élmu anu ngulik cara maluruh basa minangka obyék linguistik (Sudaryat, 2004:28).

Métode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta métode déskriptif (maparkeun) kualitatif. Métode déskriptif nyaéta métode nu digunakeun pikeun ngadéskripsikeun jeung ngajéntrékeun kajadian-kajadian nu lumangsung dina mangsa kiwari (Sudjana, 1987: 52). Sedengkeun numutkeun Surachmad (1989: 39), métode déskriptif nyaéta métode anu digunakeun pikeun ngungkulan jeung ngaréngsékeun paualan-pasualan aktual ku jalma nu ngumpulkeun data, nyusun papasingan, nganalisis jeung napsirkeun data. Dina panalungtikan ieu, nu didéskripsikeun téh nyaéta basa nu digunakeun dina upacara adat ritus tiwu

Nida Kania Dewi , 2013

Ragam jeung adegan basa dina upacara adat ritus tiwu panganten di kecamatan babakan kab.cimahi

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

pangantén ditilik tina ulikan ragam basa, kandaga kecap, alih kode jeung tatakrama basa.

3.4 Wangenan Operasional

Pikeun neuleuman fokus dina ieu panalungtikan, panulis méré wangenan operasional ngeunaan hal-hal anu patali jeung judul panalungtikan, anu satuluyna dipedar ieu di handap.

a. Ragam Basa

Ragam basa téh bisa disawang ti jihat nu makéna anu nyoko kana wewengkon, tahap atikan, jeung sikep panyaturna; biasa tina jihat makéna anu nyoko kana jejer omongan, sarana jeung sipat pasosokna (Sudaryat, 2007:3).

b. Alih Kode jeung Campur Kode

Alih kode nya éta gejala peralihan pamakéan basa nu disababkeun ku robahna situasi (Appel, 1976:79).

Sedengkeun numutkeun Hymes (1875:103), alih kode teu ngan ukur karandapan ku antarbasa, tapi bisa ogé karandapan ku ragam-ragam atawa gaya-gaya anu nyampak dina hiji basa.

c. Adegan Basa

Struktur atawa adegan basa téh mangrupa organisasi unsur-unsur basa anu dumuk pola jeung hartina; ilaharna runtuyan unsur-unsurna diatur maké pola anu ngaruntuy, linéar, atawa sintagmatis (Sudaryat, 2000:20). Dina hal ieu, leuwih nyoko kana adegan kecap jeung adegan kalimah.

d. Upacara Adat Ritus Tiwu Pangantén

Upacara adat ritus tiwu pangantén nyaéta salah sahiji kariaan rahayat di kecamatan Babakan kabupatén Cirebon nu diayakeun dina mangsa sataun sakali

Nida Kania Dewi , 2013

Ragam jeung adegan basa dina upacara adat ritus tiwu panganten di kecamatan babakan kab.cimahi

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

di pabrik gula Tersana Baru. Upacara adat ritus tiwu pangantén munggaran dilaksanakeun dina taun 1937 nalika jaman pamaréntahan walanda. Tujuanana pikeun sukuran ka gusti nu maha suci yén dina prak-prakan ngagiling tiwu dipaparin kasalametan tur dipaparin hasil nu nyugemakeun. Dina prungna, upacara adat ritus tiwu pangantén téh nyaéta helaran masarakat bari mawa sababaraha leunjeur tiwu nu pangkolotna anu mangrupa tiwu indung, tiwu pangantén lalaki jeung tiwu pangantén awéwé sarta tiwu-tiwu ti daérah kecamatan atawa kabupatén séjén. Sakabéh tiwu dihelarkeun ti Gedung Sanggar Madu (gedong patemon) nepi ka jero pabrik gula Tersana Baru.

3.5 Instrumén Panalungtikan

Instrumén dina ieu panalungtikan nyaéta ngagunakeun sistim kartu data. Cara ngagunakeunna nyaéta nyalin sakabéh data kekecapan anu aya dina téks UARTP kalawan dibéré idéntitas kecap téh aya dina pada jeung jajar ka sabaraha. Salaku conto, kecap 'da' nomer datana (UARTP/pa14/4).

3.6 Téhnik Ngumpulkeun Data

Langacker dina Sudaryat (2004: 31) nétélakeun yén data basa téh bisa dikumpulkeun ku rupa-rupa téhnik kayaning téhnik téks, obsérvasi, intuisi jeung élisitasi. Hal anu sarua ditepikeun ogé ku Labov dina Sudaryat (2004: 31).

Dina ieu panalungtikan, anu baris digunakeun téh nyaéta:

1) Téhnik Téks

Téhnik téks dddipaké mun data basa anu dikumpulkeun asalna tina sumber tinulis saperti koran, majalah, jeung buku. Dina panalungtikan umum sok disebut Téhnik Ulikan Pustaka (Studi Pustaka, Studi Bibliografis) (Sudaryat, 2004: 31).

2) Téhnik Obsérvasi

Nida Kania Dewi , 2013

Ragam jeung adegan basa dina upacara adat ritus tiwu panganten di kecamatan babakan kab.cimahi

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Téhnik Obsérvasi dipaké lamun panalungtik rék niténan paripolah panyatur dina makéna basa. Ieu téhnik dipaké ku cara niténan makéna basa para panyatur, boh dirékam boh dicatet, (Sudaryat, 2000: 31).

3) Téhnik Dokuméntasi

Data didokuméntasi ku cara nilik kana data téks nu aya dina prak-prakan upacara adat ritus tiwu pangantén.

3.6.1 Léngkah Tatahar

Anu kaasup kana léngkah tatahar diantarana:

- (1) Nangtukeun topik/masalah,
- (2) nangtukeun judul,
- (3) nuliskeun kerangka karya.

3.6.2 Léngkah Ngumpulkeun Data

Anu kaasup kana léngkah ngumpulkeun data diantarana:

- (1) Ngalaksanakeun ulikan pustaka, kayaning buku, majalah, koran, jsb.
- (2) ngumpulkeun informasi anu aya patalina jeung masalah nu rék ditalungtik,
- (3) obsérvasi langsung ka lokasi panalungtikan,

3.6.3 Léngkah Ngolah Data

- (1) Mariksa jeung niténan deui prak-prakkan upacara adat ritus tiwu pangantén di lokasi.
- (2) Nganalisis data basa nu aya dina upacara adat ritus tiwu pangantén dumasar kana ragam basana.
- (3) Nganalisis data basa nu aya dina upacara adat ritus tiwu pangantén dumasar kana kontNganalisis data basa nu aya dina upacara adat ritus tiwu pangantén dumasar kana ragam basanaks basa nu dipakéna.

Nida Kania Dewi , 2013

Ragam jeung adegan basa dina upacara adat ritus tiwu panganten di kecamatan babakan kab.cimahi

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- (4) Nganalisis data basa nu aya dina upacara adat ritus tiwu pangantén dumasar kana adegan kalimahna.

3.7 Téhnik Ngolah Data

Sabada data kumpul, nurutkeun Botha dina Sudaryat (2000: 32), aya kénéh lajuning laku nu mangrupa tahap ngéntépseureuh-keun (sistematisasi) lantaran kakara mangrupa korpus nu can écés korélasina. Ari aktivitas intéléktual nu kudu dipilampah téh nya éta (1) nyieun papasingan, (2) ngorélasikeun, (3) ngaruntuykeun, jeung (4) ngukur.

Nida Kania Dewi , 2013

Ragam jeung adegan basa dina upacara adat ritus tiwu panganten di kecamatan babakan kab.cimahi

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu